



Gid pou karantèn COVID-19


Pou moun ki te an kontak sere ak yon moun yo konfime ki gen COVID-19.

Ki moun yo dwe mete an karantèn?

- Moun ki gen ≥ 12 l'ane ki te resevwa yon seri prensipal vaksen COVID-19 men ki PA t resevwa yon vaksen rapèl alòske yo te elijib.
- Moun ki pa t resevwa yon seri vaksen prensipal.

Ki moun yo pa dwe mete an karantèn?

- Moun ki gen ≥ 12 l'ane ki te resevwa yon seri prensipal vaksen COVID-19 AK tout dòz vaksen ki rekòmande yo, ansanm ak vaksen rapèl yo.
- Timoun 5-11 l'ane ki te resevwa seri prensipal yo a nan yon vaksen COVID-19.
- Moun ki te gen konfimasyon ke yo gen COVID-19 nan dènye 90 jou yo.



Etap Anplis



Kontinye mete yon mask oswa yon respiratè ki byen ajiste lè w bò kote lòt moun lakay ou ak an piblik jiska 10yèm jou a.



Kontinye siveye sentòm yo. Si sentòm yo devlope, fè tès la epi swiv rekòmandasyon izòlman yo.



Si sa posib retade vwayaj yo jiska 10 jou konplè apre dènye kontak sere a.



Evite moun ki iminodeprime yo oswa ki gen gwo risk pou maladi grav jiska 10yèm jou a.



Pa ale kote ou pa ka mete yon mask, tankou restoran jiska 10yèm jou a.



Aprann plis sou COVID-19 nan nj.gov/health/cd/topics/ncov.shtml